

COVID-19 Update , 5 Nyamavhuvhu 2020

Chii chitsva

KEMH Testing

Pakaitwa ma test 2 256 mumazuva zana apfuura hapana akaonekwa ari positive muongororo dzakaitwa.

KUYEUCHIDZANA KEKUPEDZISIRA: SURVEY ON RESPONSE TO COVID-19

Hurumende yeFalkland Islands inoda kuyeuchidza veruzhinji kuti vape pfungwa dzavo kuti vakwanise kuunganidza maonero evanhu kubva munharaunda medu kuti vaongorore kuti Covid-19 nedzimwewo njodzi dzinogona kukanganisa sei hupenu hwewanhu zuva nezuva.

Ongororo iyi inoda kutora huhwandu hwepfungwa dzevanhu maererano nemaonero evanhu, zvisinei, kana uine chero zvaunenge uchida kutaura unokurudzirwa kuti utumire email pa.desis@sec.gov.fk <mailto: pa.desis@sec.gov.fk>.

Ongororo iyi yese ichashandiswa kutibatsira:

- * Kunzwisia pakanyanya kukanganiswa neCovid-19 uye kuti ndiani akanyanyo kanganiswa nayo.
- * kugadzirisa matambudziko angave akakonzerwa nekurudzirwa kuti utumire email pa.desis@sec.gov.fk <mailto: pa.desis@sec.gov.fk>.
- * Kugadzirisa zvatino kwanisa kuita kana njodzi yeCovid-19 ikawedzera muFalkland Islands

Mibvunzo yeongororo ichave iripo kusvika Chishanu 7 Nyamavhuvhu:

* Online kana kutora pawebhusaiti
www.fig.gov.fk/covid-19/survey <<http://www.fig.gov.fk/covid-19/survey>>

* mafomu inowanikwa kuPost Office, KEMH, West Store, Chandlery, Leisure Centre uye Community Library.

Munokumbirwa kuti musakanganwe kana uchinge wadownloader kana kutora mafomu eongororo, Unofanirwa kuadzosera kune chero bhokisi riri munzvimbio dziri pamusoro

Kana uchida chinyorwa yeongororo muSpanish, Filipino kana Shona, ndapota taura nesu.

Kuzviparadzanisa pane vamwe uye zvinofanirwa kuitwa nevanenge vashanya -zvazvinogona kuita kubato revashanyi (tourism industry)

Musi weChipiri 4 Nyamavhuvhu Executive Council (Contingency) yakaongorora gwaro rine chekuita nemitemo yakaiswa maererano ne Quarantine ne vistors Policy uye zvazvinoreva pakushanya.

Pane zvinhu zvakawanda chaizvo zvinoda kuongororwa . Mienzaniso yakanekwa neUN World Tourism Organisation vanoona paine kuderera kwekusvika kwevashanyi pasi rese panguva ino muna 2020 kuchisvika pa 80%. chirwere che coronavirus chiri kuwedzera pasi rese .Maboarder, kunyanya muSouth America, anoramba akavharwa uye kufambirana pakati penyika dzepasi rese kwakadzikira. Nokudaro , FIG inoenderera mberi ichishanda nebato remuno uye nere kunze kwenyika, uye neFITB neFITA vachiongorora nezvingaitika mumabhisimusi ekushanya uye kugadzira matanho ekudzivirira nekutsigira avo vakakanganisirwa mumwaka uno neunotevera , uye kugadzirisa ramangwa nemabhizimusi aya.

Imwe yenaya dzakasimudza nebato iri riri kuda kujekeswa, kunyanya pamusoro pematanho akaiswa ekuzviparadzanisa pane vamwe, uye zvinofanira kutevedzerwa ne vanenge vashanya muno ,kuitira kuti vabvumire vashanyi uye indasitiri yeva shanyi kuti varonge nenzira kwayo. Nokudaro, tirikuona tese kuti denda recorona pasi rese harisi kugadzirisika, Executive Council yakatendera kurudziro inotevera:

* Izvo zvinofanirwa kuitwa pane kupihwa kwemvumo yevashanyi(vistors permit) zvinoramba zviripo kusvika musi wa31 Zvita 2020, asi i zvichange zvichitariswa mwedzi woga woga.

* Kuti izvo zvinodiwa parizvino zvekugara wega kure vevamwe zvicharamba zviripo kusvika 31 Zvita 2020, zvisinei izvi zvicharamba zvichiongororwa mazuva makumi mana nemaviri ega ega, zvichiteerana nezvinodiwa neve Infectious Diseases Control (Coronavirus, Quarantine) Regulations 2020.

Executive Counsel ichaita ongororo muna Gumiguru kuti zviviri izvi zvingaenderere kupfuura 31 Zvita 2020 here.

Nekuona huwandumu hwedambudziko iri pamwe nekufambilana pasi rose ,zvikuru zvinoda vandudzo kubatsira mabhizimusi aya muno pamwe nekubatsira vanhu vose muno kuti vangabatsire sei kuvandudza mabhizimusi aya uye kupa ruzivo rwekuvandudza kunyanya kune avo vanenge vashanya.

MLA MARK POLLARD VAKATI:

"Indasitiri yekushanya pasi rese iri kukanganiswa zvakanyanya nedenda re coronavirus, uye nyaya dzakawanda dzakabatana nezviri kuitika hapana zvatino kwanisa kuita nezvazvo." Maonero epasi rese emwaka unouya akaoma kwazvo - kunze kwekunge chimwe chinhu chachinja zvikuru munguva pfupi, izvo zvinogona kusaitika, zvine mukana mukuru kuti mwaka unotevera vashanyi muFalkland Islands vachaita vashoma nokudaro mabhizimusi ekushanya haakwanise kuvimba /kumira nevashanyi ve kunze. Pane FIG zvainogona kuedza kubatsira, uye basa rakakura riri kuitwa mukuvandudza hurongwa hwekutsigira(support schemes) ,kupa zvikwereti nema grants zvekubatsira indasitiri iyi, uye kutarisa nzira dzatingakurudzirana kushanyarira nzvimbo dziri muno mumwaka uno. Uyu mukana wekuti tese tinogona kubatsirana, uye ndinovimba kuti vagari vemuno vachatora mukana uyu kushanyira nzvimbo dzakasiyana siyana muno muchirimo chino. Ndinoziva kuti vose vanorarama nevashanyi kubva kunze vari parumana nzombe nekufunga nezvichaitika , asi zvakawanda uye nezverubatsiro zviri kuongororwa neve ExCo pama svondo maviri anotevera ,pamwe nezvatiri kuona pamwe nekugadzirira zviri kuuya manje manje.

LATAM UPDATE

LATAM yakasimbisa kuti nzira yePunta Arenas-Santiago icharamba yakamiswa kusvika musi wa7 Nyamavhuvhu 2020, uye mamiriro ezvinhu achaongororwa kana zuva iri rava pedyo.

Sezvakaziviswa musi wa 23 Chikunguru 2020, kufambidzana neSao Paolo inoramba yakamiswa kudzamara pakupera kwaSeptember 2020, uye mamiriro ezvinhu achaongorowazve panopera nguva iyoyo.

Ndege dzinobatanidza dzimwe nyika pamwe ne Falkland Islands dzakakosha kune ramangwana reino Nyika uye ne hupfumi uye nekuva nehupenuy hwakana.

FIG inoramba ichiongorora uye ichi tarisa mamiriro ezvinhu neLATAM nguva nenguva uye zvime zvichachinja zvichapihwa munguva yakakodzera.

EXTENSION OF COVID-RELATED ECONOMIC SUPPORT SCHEMES
(Kuwedzerwa kwe hurongwa hwe kubatsira vanhu nemabhizimisi panguva ino ye Covid-19)

Chitatu 29 Chikunguru 2020 ExCo yakatendera kuwedzera rubatsiro kune vashandi / vano zvishandira, kuchengetedza mabasa, kuwana mari yekunge usinga shandi uye zvirongwa zvekupiwa mari zvakanangana ne dambudziko reCovid-19 , izvi zvirikupiwa neve Treasury neFIDC .Zvirongwa izvi zvaifanira kuzopera musi wa 31 Chikunguru, zwave kuwedzerwa kusvika musi wa 30 Gunyana. Kuongororwazve kwezvирongwa izvi kuchaitwa musiwa 23 Nyamavhuvhu usati wasvika.

Zvirongwa izvi zvakawedzerwa mazuva kutsigira zvikamu zvehupfumi izvo zvicharamba zvichikanganisa nekuda kwedenda re coronavirus . Pamusoro pezvo kuwedzerwa kwemazuva kuchabatsira kuenderera mberi kwezvирongwa izvi uye KEMH ichaudza vanhu vane zvichiratidzo nevavano gara navo kuti vazviparadzanise nevamwe.naizvozvo rubatsiro urwu rwucharamba rwuchipipa vanhu maringe ne covid 19.

FIG ichaenderera mberi nekutsigira zvirevo zvekuparadzanisa vanhu, maererano nezvinotevera:

- * Vanhu vane zvese zvinodikanwa maererano nenhungamiriro yakapiwa yezvирongwa(scheme)
- * kutarisa neve KEMH kuti vatsigire kuti munhu wacho akaudzwa kuti azviparadzanise nevamwe here uye nenguva yekuzviparadzanisa nevamwe.

Izvo zvakambobvumidzwa zvekuderedzwa kwemagetsi uye zvekusa bhadhara maService charge kwemwedzi mitatu zvichapera , sevakamboziviswa ,mushure memusi wa 31 Chikunguru 2020.

Ongoro inoramba ichiitwa kumatanho akasiyana siyana akaisa kuitira kubatsira mabhizimisi ayo arikukunya kubatwa nematanho aya kwenguva refu zvakaita se bato revashany (tourism sector).

NEXT UPDATE

Nekuda kwekuti MLAs vari pazororo uye zvimbewo zvavari kuita pachezvavo panguva yaNyamavhuvhu,pachange pasina nhau itsva maereraro ne COVID-19 panguva ino. Isu tichange tichiudza veruzhinji kana paine zvakakosha zvatingade kukuzivisai maererano neCOVID-19.

Nhaurwa itsva kubva kватiri dzirikutarisirwa kuitwa musi wa 2 Gunyana (September) 2020 pa web page yedu www.fig.gov.fk/covid-19.liyi inzvimbo ine nhungamiro uye ruzivo rwakawanda .Nekudaro, kana iwe uine mubvunzo kana kunetsekana panguva ino unofanirwa kubata Hofisi yeCommunications panhamba dzinoti 27400 kana tsamba pa prassistant@sec.gov.fk